


La Bib pou ti moun prézanté

Jezi chwazi douz asistan



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Byron Unger; Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : E. Frischbutter; Sarah S.

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.

Jezi te fè anpil bèl bagay. Li te pran swen malad
yo. Li te pote lapè nan kè ak nan lespri moun ki te
twouble yo, epi li te anseye Pawòl Bondye a.



Plizyè foul moun te konn vin jwenn Jezi pou l ede ak geri yo. Kidonk, Jezi te deside chwazi douz gason pami anpil moun ki t ap suiv li yo pou ede l nan travay li t ap fè pou Bondye a.



3

Lè w genyen yon desizyon enpòtan pou w pran, èske w konn priye Bondye ? Se sa Jezi te fè ! Jezi te monte sou mòn nan epi nan yon kote ki trankil, li te priye Papa li ki nan syèl la. Jezi te priye jouk solèy la kouche.



4

Epi Jezi te priye pandan tout nuit lan.




5

Nan maten, Jezi te rele zanmi li yo — tout sila yo ki t ap suiv li ak obeyi li fidèlman yo. Pami zanmi l yo, li te chwazi douz pou vin asistan l, oswa apot li.




6

De premye moun Jezi te chwazi yo se te frè, Simon Pyè ak Andre. Yo te kite biznis lapèch yo lè Jezi te mande yo pou yo suiv li.



7

Jak ak Jan, pitit Zebede yo, yo menm tou, te kite filè lapèch yo tou.




8

Jezi te chwazi tou Filip, Batèlmi, Matye ak Toma, Simon nonm zeke a, Jak pitit Alfe a, Jida, yon frè Jak, ak Jida Iskaryòt, nonm ki pral trayi Jezi pita a.




9

Jezi te anseye yo fè sa li te mande a, se tankou bati yon kay sou wòch. Tanpèt ki pi vyolan yo p ap kapab detwi kay sa a.




10

Men, lè w pa obeyi Jezi se te tankou w bati kay ou sou sab. Lè tanpèt la rive, li kraze kay la.



11

Genyen kèk nan kòmandman Jezi yo ki pa te fasil pou suiv. "Si yon moun ban nou yon kalòt nan yon bò figi, vire lòt bò a ba li tou," Jezi te di yo. "Renmen lènmi nou yo. Moun yo te bezwen èd Bondye pou yo viv tankou Jezi."




12

Jezi te di yo tou pou yo priye an sekre — pou yo pa fè grandizè devan lòt moun tankou kèk chèf legliz (relijye).




13

Jezi te di Bondye t ap nourri ak abiye moun ki fè li konfyans yo. Paske se Bondye ki nourri zwazo yo epi li bay flè yo ak ti pyebwa yo bèl koulè, pèp li a kapab fè l konfyans pou l ba yo tout sa yo gen bezwen.



14

Jou sa a, Jezi te aprann
apot li yo anpil bagay.
Lè li te fini, yon moun ki
te genyen lèp te vin rive
epi li te mande Jezi pou
l geri li.



15

Jezi te reponn moun ki te
gen lèp la : "Wi, mwen vle
fè sa. Se pou w geri !"
Pandan apot yo t ap gade,
lèp la te kite malad la
menm kote a. Li te geri !
Se sèlman Pitit Bondye a
ki ka fè mirak sa yo.
Apot yo te konnen, ak
Jezi, yo te genyen yon
Mèt fantastik.



16

Jezi chwazi douz asistan


Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Matye 4-7, Mak 1, Lik 6

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130

17



39

60

18

Istwa bibli sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

19